

## **BAB V**

### **KACINDEKAN IMLPIKASI JEUNG RÉKOMENDASI**

#### **1.1 Kacindekan**

Dumasar hasil panalungtikan kapaluruh tilu kacindekan nyaéta.

Struktur rumpaka kawih nu aya dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupaten Subang. Aya 10 rumpaka kawih nu baris dipedar dumasar struktur lahir jeung struktur batin. Dina struktur lahir kapaluruh diksi nu panglobana digunakeun nyaéta kekecapan ngeunaan kaislaman, imaji nu kapaluruh aya 18, kecap kongkrit aya 12, basa figuratif aya 8, purwakanti aya 8, sarta tata rupa nu ngawengku wangun rumpaka kapaluruh aya 3 wangun. Dina struktur batin, téma nu kapaluruh panglobana nyaéta téma réligi, rasa nu panglobana rasa bungah, nada nu panglobana lugas atawa tandes sabab nyaritakeun hiji hal nyaéta ngeunaan nyebarna agama Islam, sarta amanat nu panglobana nyaéta ngeunan kaIslaman.

Tina hasil panalungtikan 10 rumpaka kawih nu aya dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang. Kapaluruh 36 unsur sémiotik nu ngawengku 14 ikon, 15 indéks, jeung 7 simbol.

Patali jeung bahan pangajaran, hasil analisis struktur jeung sémiotik tina rumpaka kawih gembyung luyu jeung padika milih ajar sarta bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran kawih di SMA kelas X, nyaéta dina KD 3 ngabandinkeun wangun struktur jeung aspék basa téks kawih Sunda klasik jeung pop sarta KD 4 ngawihkeun kawih Sunda klasik jeung Pop.

#### **1.2 Implikasi**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna tina kasenian gembyung nu aya di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang. Anapon ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber pangaweruh tina kabudayaan hususna pangaweruh ngeunaan kasenian gembyung. Pikeun panjaran ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun alteratif bahan pangajaran kawih keur ngahontal kompeténsi dasar pangaweruh ngabandingkeun struktur

rumpaka kawih klasik jeung pop. Anapon keur lembaga ieu hasil panalungtikan bisa mangrupa tambahan karya tulis ngeunaan sastra lagu, lisan jeung kesenian. Ieu hasil panalungtikan gé dipiharep bisa ngirut masarakat husuna budak ngora pikeun reueus kana budaya Sunda husuna kana kasenian gembyung. Sarta bisa numuwuhken karep hayang diajar kasenian Sunda.

### **1.3 Rékomendasi**

Hasil tina ieu panlungtikan masih loba kahéngkér. ku kituna, sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih ngaronjat. Panulis ngarékomendasikeun sababaraha hal, di antarana.

- 1) Pikeun panalungtikan saterusna, ieu panalungtikan ngan museur kana struktur jeung sémiotik tina prosési jeung rumpaka kawih gembyung, sarta dipatalikeun jeung bahan pangajaran kawih di SMA kelas X. Pikeun panalungtikan salajengna ieu kasenian gembyung bisa diguar tina ajén éstétika, ajén budaya, ajén atikan, jsb.
- 2) Pikeun guru, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa dimanpaatkeun jadi bahan pangajaran sastra jeung budaya.